# Aplikasyon pou natiralizasyon

**Depatman sekirite nasyonal**
Sèvis sitwayènte ak imigrasyon Etazini

**USCIS**
**Fòmilè N-400**
OMB No. 1615-0052
Ap ekspire 28/02/2027

DRAFT - DO NOT SUBMIT TO USCIS

| Pou USCIS itilize sèlman | Dat yo te mete tenm nan | Resi | Blòk aksyon |
|---|---|---|---|
| | | | |
| Remak | | | |

► **KÒMANSE LA A – Tape oswa ekri ak lank nwa.** Si ou pa reponn tout kesyon yo, li ka pran plis tan pou Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS) trete Fòmilè N-400 ou a.

Si manman w oswa papa w (ki gen ladan manman oswa papa adoptif legal) se yon sitwayen Etazini depi lè l fèt, oswa si li te natiralize anvan ou te fete 18yèm anivèsè nesans ou, ou ka pa bezwen ranpli Fòmilè N-400 paske ou ka deja yon sitwayen Etazini. Anvan w ranpli aplikasyon sa a, tanpri ale sou sitwèb USCIS, nan www.uscis.gov/N-600 pou fòmilè N-600, Aplikasyon pou Sètifika Sitwayènte.

## Pati 1. Enfòmasyon sou si w elijib (Chwazi yon sèl kaz pou idantifye rezon ki fè w elijib, sinon yo ka retade oswa rejte Fòmilè N-400 ou a.)

**Ekri A-Number 9 chif ou a**:
► **A-** ____________

**1.** Rezon pou soumèt aplikasyon (Tanpri gade Enstriksyon yo pou rezon ki fè w elijib anba chak dispozisyon.):

**A.** ☐ **Dispozisyon jeneral.** Gade enstriksyon yo: **Lis kondisyon jeneral ki fè w elijib**

**B.** ☐ **Mari/Madanm yon sitwayen Etazini.** Gade enstriksyon yo: ***Kondisyon elijib sou maryaj ak yon sitwayen Etazini***

**C.** ☐ **VAWA.** Gade enstriksyon yo: ***Kondisyon elijib pou mari/madanm, ansyen mari/madanm, oswa pitit yon sitwayen Etazini anba Lwa sou vyolans kont fanm (VAWA)***

**D.** ☐ **Mari/Madanm yon sitwayen Etazini ki nan yon travay kalifye deyò Etazini.** Gade ensktriksyon yo: ***Kondisyon elijib pou mari/madanm yon sitwayen Etazini k ap travay pou yon anplwayè kalifye deyò Etazini***

Si adrès rezidansyèl ou a pa nan Etazini epi w ap ranpli anba Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite (INA), seksyon 319(b), chwazi biwo lokal USCIS kote ou ta renmen pase entèvyou natiralizasyon ou an. Ou ka jwenn yon biwo lokal USCIS nan www.uscis.gov/field-offices.

____________

**E.** ☐ **Sèvis militè pandan peryòd konfli.** Gade enstriksyon yo: ***Kondisyon elijib ak prèv pou manm aktyèl ak ansyen manm fòs lame Etazini***

**F.** ☐ **Pou piti yon lane ap bay sèvis militè onorab, nan nenpòt lè.** Gade enstriksyon yo: ***Kondisyon elijib ak prèv pou manm aktyèl ak ansyen manm fòs lame Etazini***

**G.** ☐ **Lòt rezon pou soumèt ki pa liste anwo** ____________

## Pati 2. Enfòmasyon sou ou (Moun k ap aplike pou natiralizasyon)

**1.** Non legal aktyèl ou (**pa** bay yon tinon)

| Non fanmi (Siyati) | Non | Dezyèm non (sis a aplikab) |
|---|---|---|
| | | |

**2.** Lòt non ou te janm itilize depi w fèt (gade enstriksyon yo pou **Nimewo Atik** sa a pou plis enfòmasyon sou ki non pou w mete

| Non fanmi (Siyati) | Non | Dezyèm non (sis a aplikab) |
|---|---|---|
| | | |
| | | |

**Pati 2. Enfòmasyon sou ou** (Moun k ap aplike pou natiralizasyon) (suit) **A-**

**Chanje non (Opsyonèl)**

**Li enstriksyon yo pou Nimewo Atik sa a anvan ou deside si w ta renmen chanje non w legalman.**

**3.** Èske w ta renmen chanje non w legalman? ☐ Wi ☐ Non (ale nan **Nimewo Atik 4.**)

Si w te reponn "Wi," tape oswa ekri nouvo non ou ta renmen itilize a:

Non fanmi (Siyati) | Non | Dezyèm non (si sa aplikab)

**4.** Nimewo kont USCIS anliy (si genyen) ►

**5.** Sèks ☐ Gason ☐ Fanm

**6.** Dat ou fèt (mwa/jou/ane)

Anplis dat nesans reyèl ou a, mete nenpòt lòt dat nesans ou te janm itilize, tankou dat yo te itilize an koneksyon avèk nenpòt non legal oswa non ki pa legal, nan espas yo bay nan **Pati 14. Enfòmasyon siplemantè.**

**7.** Si ou se yon rezidan pèmanan legal, bay dat ou te vin yon rezidan pèmanan legal. (mwa/jou/ane).

**8.** Peyi ou fèt

**9.** Sitwayen ki peyi oswa Nasyonalite

Si ou se yon sitwayen oswa yon moun ki soti nan plis pase yon peyi, bay lis lòt peyi ou genyen nasyonalite yo nan espas yo bay nan **Pati 14. Enfòmasyon Siplemantè.**

**10.** Èske manman oswa papa w (manman oswa papa adoptif) te yon sitwayen Etazini anvan w te gen 18 lane? ☐ Wi ☐ Non

Si w reponn "Wi," Ou ka deja yon sitwayen Etazini. Si w te sitwayen Etazini, ou pa bezwen ranpli fòmilè N-400.

**11.** Èske ou gen yon andikap fizik oswa devlòpmantal, oubyen yon pwoblèm mantal ki anpeche ou demontre konesans ak konpreyansyon ou nan lang anglè oswa egzijans sivik pou natiralizasyon? ☐ Wi ☐ Non

Si w reponn "Wi," soumèt yon Fòmilè N-648, Sètifikasyon medikal pou eksepsyon andikap, lè w ap soumèt Fòmilè N-400 ou a. Gade seksyon ***Tès Natiralizasyon ak Eksepsyon*** pou plis enfòmasyon sou eksepsyon nan tès lang anglè a, tankou eksepsyon ki baze sou laj ak kantite lane antanke yon rezidan pèmanan legal.

## *Aktyalize Sekirite Sosyal*

**12.a.** Èske w vle Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) ba ou yon kat Sekirite Sosyal orijinal oswa yon kat ranplasman epi aktyalize sitiyasyon imigrasyon ou devan SSA, si epi lè ou natiralize?

☐ Wi (Ranpli **Atik Nimewo 12.b. - 12.c.**)

☐ Non (Ale nan **Pati 3.**)

**12.b.** Bay Nimewo Sekirite Sosyal ou (SSN) (si genyen). ►

**12.c. Konsantman pou kominikasyon:** Mwen otorize pou yo kominike enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a ak nan sistèm USCIS yo bay SSA, jan sa nesesè pou yo ka ban m yon nimewo Sekirite Sosyal, ban m yon kat Sekirite Sosyal orijinal oswa yon ranplasman, epi aktyalize sitiyasyon imigrasyon m devan SSA. ☐ Wi ☐ Non

**REMAK:** Si w reponn "Wi" nan **Atik Nimewo 12.a.**, ou dwe reponn "Wi" nan **Atik Nimewo 12.c.** a tou, **Konsantman pou kominikasyon**, pou w ka resevwa yon kat.

DRAFT - DO NOT SUBMIT TO USCIS

## Pati 3. Enfòmasyon biyografik

A-

**REMAK:** USCIS mande pou ou ranpli kategori ki anba yo pou fè verifikasyon sou antesedan ou. (Gade nan **Enstriksyon Fòmilè N-400** pou plis enfòmasyon.)

**1.** Gwoup etnik (Chwazi **yon sèl** bwat)

☐ Ispanik oswa Latino ☐ Pa Ispanik ni Latino

**2.** Ras (Chwazi **tout** bwat **ki aplikab yo**)

☐ Endyen Ameriken oswa Natif Alaska ☐ Azyatik ☐ Nwa oswa Afriken Ameriken ☐ Natif Awayi oswa lòt zile Pasifik ☐ Blan

**3.** Wotè Pye ____ Pous ____

**4.** Pwa Liv ☐☐☐

**5.** Koulè je (Chwazi **yon sèl** bwat)

☐ Nwa ☐ Ble ☐ Mawon ☐ Gri ☐ Vèt ☐ Nwazèt ☐ Wouj fonse ☐ Woz ☐ Pa konnen/Lòt

**6.** Koulè cheve (Chwazi **yon sèl** bwat)

☐ Chòv (san cheve) ☐ Nwa ☐ Blon ☐ Mawon ☐ Gri ☐ Wouj ☐ Koulè sab ☐ Blan ☐ Pa konnen/Lòt

## Pati 4. Enfòmasyon sou lakay ou

**1.** Adrès fizik

Ekri tout kote ou te rete pandan 5 dènye lane yo si w ap soumèt dokiman daprè dispozisyon jeneral ki anba a **Pati 1.**, **Nimewo Atik 1.a.** Si w ap soumèt dosye a daprè lòt opsyon kalifikasyon pou natiralizasyon, ale nan **Pati 4.** nan seksyon **Enstriksyon Espesifik anba Nimewo Atik** nan Enstriksyon yo pou peryòd tan ki aplikab la kote ou dwe mete enfòmasyon sa a. Si ou bezwen plis espas, itilize espas yo bay nan **Pati 14. Enfòmasyon Siplemantè**.

Adrès fizik aktyèl

Moun k ap resevwa l (si genyen) ____

Nimewo ak non ri ____ ☐ Apatman ☐ Suit ☐ Etaj Nimewo ____

Vil ____ Eta ____ Kòd postal ____

Pwovens ____ Kòd postal ____ Peyi ____

Dat ou rete la a: Depi (mwa/jou/ane) ____ Dat ou rete la a: Jiska (mwa/jou/ane) JOUNEN JODI A

| Adrès fizik (Nimewo ak non ri) | Vil | Eta / Pwovens | Kòd postal | Peyi | Dat ou rete la a: Depi (mwa/jou/ane) | Dat ou rete la a: Jiska (mwa/jou/ane) |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |

**2.** Èske adrès fizik ou aktyèl ou, se adrès postal ou aktyèl ou tou?

☐ Wi (Si w reponn "Wi," ale nan **Pati 5.**) ☐ Non

DRAFT - DO NOT SUBMIT TO USCIS

## Pati 4. Enfòmasyon sou kay ou (suit)

A-

**3.** Adrès postal aktyèl ou (Adrès postal sekirize w, si sa aplikab)

Moun k ap resevwa l (si genyen)

Nimewo ak non ri

Apatman ☐ Suit ☐ Etaj ☐ Nimewo

Vil

Eta

Kòd postal

Pwovens

Kòd postal

Peyi

## Pati 5. Enfòmasyon sou eta sivil ou

**1.** Ki eta sivil aktyèl ou?

☐ Selibatè, jamè marye ☐ Marye ☐ Divòse ☐ Vèf ☐ Separe ☐ Maryaj anile

Si w selibatè epi pa t **janm** marye, ale nan **Pati 6. Enfòmasyon sou pitit ou**.

**2.** Si w marye aktyèlman, èske mari/madanm ou se yon manm aktyèl nan lame Etazini? ☐ Wi ☐ Non

**3.** Konbyen fwa ou te marye? (Gade nan seksyon **Enstriksyon Espesifik daprè Nimewo Atik** Enstriksyon yo pou plis enfòmasyon sou ki maryaj pou mete.)

Bay sètifika maryaj aktyèl la ak nenpòt dokiman divòs, jijman anilasyon oswa sètifika lanmò ki montre maryaj anvan ou yo te fini. (si sa aplikab).

Si w ap soumèt anba youn nan kategori anba a yo, reponn **Nimewo Atik 4.a. - 8.**:

- Mari/Madanm yon sitwayen Etazini, **Pati 1.**, **Nimewo Atik 1.b.**; oswa;
- Mari/Madanm yon sitwayen Etazini ki nan yon travay kalifye deyò Etazini, **Pati 1.**, **Atik Nimewo 1.d.**

Si w p ap soumèt **anba okenn nan kategori anwo yo, ale nan Pati 6**.

### *Maryaj aktyèl ou*

Si w marye aktyèl, menmsi ou separe legalman, bay enfòmasyon sa yo sou mari/madanm aktyèl ou.

**4.a.** Non fanmi legal mari/madanm ou (Siyati)

Non

Dezyèm non (si sa aplikab)

**4.b.** Dat nesans mari/madanm aktyèl (mwa/jou/ane)

**4.c.** Dat ou te marye ak mari/madanm aktyèl ou (mwa/jou/ane)

**4.d.** Èske adrès fizik mari/madanm aktyèl ou, se menm ak adrès fizik ou?

☐ Wi

☐ Non (Si w reponn “Non,” bay adrès la nan **Pati 14. Enfòmasyon Siplemantè**.)

**5.a.** Kilè mari/madanm aktyèl ou te vin yon sitwayen Etazini?

☐ Li te fèt nan Etazini – Ale nan **Atik Nimewo 7.**

☐ Lòt – Ranpli **Atik Nimewo 5.b.**

**5.b.** Dat mari/madanm aktyèl ou te vinyon sitwayen Etazini (mwa/jou/ane)

DRAFT - DO NOT SUBMIT TO USCIS

## Pati 5. Enfòmasyon sou eta sivil ou (suit)

A-

**6.** Nimewo enskripsyon etranje mari/madanm aktyèl ou (A-Number) (si genyen) ► **A-**

**7.** Konbyen fwa mari/madanm aktyèl ou te marye? (Gade nan seksyon **Enstriksyon Espesifik daprè Nimewo Atik** pou enstriksyon pou plis enfòmasyon ki maryaj pou mete.)

Bay dokiman divòs, anilasyon, oswa sètifikasyon lanmò ki montre tout maryaj mari/madanm ou te fè anvan sa yo te fini (si sa aplikab).

**8.** Anplwayè oswa konpayi mari/madanm aktyèl ou

Reponn **Atik Nimewo 8** sèlman**.** si w ap soumèt anba **Pati 1.**, **Nimewo Atik 1.d.**, **Mari/madanm yon sitwayen Etazini ki nan yon travay kalifye deyò Etazini.**

## Pati 6. Enfòmasyon sou pitit ou

**1.** Di konbyen timoun ou genyen an total ki poko gen 18 lane.

**2.** Bay enfòmasyon sa yo sou pitit ou idantifye nan **Atik Nimewo 1.** Pou kolòn rezidans ak relasyon yo, ou dwe tape oswa ekri youn nan opsyon valab ki nan lis la. Si nenpòt nan pitit ou yo pa rete avèk ou, bay adrès kote timoun sa yo rete a nan **Pati 14. Enfòmasyon Siplemantè**. Si ou gen plis pase twa timoun, itilize espas yo bay nan **Pati 14. Enfòmasyon**.

| **Non pitit fi oswa pitit gason** (Non ak Siyati) | **Dat nesans** (mwa/jou/ane) | **Rezidans** (Opsyon valid yo se: rete avè m, pa rete avè m, oswa pa m konnen/m pa ka jwenn li) | **Relasyon** (Opsyon valid yo se: pitit gason oswa fi biyolojik, pitit mari/madanm, oswa pitit gason oswa pitit fi adoptif) | **Èske w ap bay pitit gason w oswa pitit fi w sipò?** |
|---|---|---|---|---|
| | | | | ☐ Wi ☐ Non |
| | | | | ☐ Wi ☐ Non |
| | | | | ☐ Wi ☐ Non |

## Pati 7. Enfòmasyon sou travay ak lekòl ou te ale

**1.** Liste kote ou te travay oswa lekòl ou te ale a tan plen oswa a tan pasyèl pandan 5 dènye lane yo, si w ap soumèt li anba dispozisyon jeneral ki anba **Pati 1.**, **Atik Nimewo 1.a.** Si w ap soumèt dosye a daprè lòt opsyon kondisyon elijib pou natiralizasyon, gade **Pati 7.** nan **Seksyon Enstriksyon Espesifik daprè Nimewo Atik** nan Enstriksyon yo pou peryòd tan ki aplikab la kote ou dwe mete enfòmasyon sa a. Bay enfòmasyon pou tout peryòd tan pou tout travay, ki gen ladan travay gouvènman etranje tankou militè, lapolis ak sèvis entèlijans. Kòmanse bay enfòmasyon sou dènye travay oswa travay aktyèl ou, etid ou, oswa tan ou te fè p ap travay. Bay adrès ak dat ou te travay, te travay kòm travayè endepandan, pa t ap travay, oswa t ap etidye. Si ou te travay pou tèt ou epi ou pa t travay pou yon anplwayè espesifik, tape oswa ekri "travayè endepandan" nan plas non anplwayè a. Si ou pa t ap travay, tape oswa ekri "Pa t ap travay". Si ou pran retrèt, tape oswa ekri "retrete". Si ou bwen plis espas pou w fin ranpli **Pati 7.** la, itilize espas yo bay nan **Pati 14. Enfòmasyon Siplemantè**.

| **Anplwayè oswa Lekòl** | | | | | **Dat travay/lekòl** | | **Pwofesyon oswa Domèn Etid** |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **Non** | **Vil** | **Eta/ Pwovens** | **Kòd postal** | **Peyi** | **Depi** (mwa/jou/ane) | **Jiska** (mwa/jou/ane) | |
| | | | | | | JOUNEN JODIA | |
| | | | | | | | |
| | | | | | | | |

DRAFT - DO NOT SUBMIT TO USCIS

## Pati 8.  Tan ou te fè deyò Etazini

A-

**1.** Liste anba a tout vwayaj ou te fè deyò Etazini pandan 5 dènye lane yo si w ap soumèt daprè dispozisyon jeneral ki anba **Pati 1.**, **Atik Nimewo 1.a.** Si w ap soumèt dosye a dapre lòt opsyon elijib pou natiralizasyon, gade nan **Pati 8.** nan seksyon **Enstriksyon Espesifik daprè Nimewo Atik** nan Enstriksyon yo pou peryòd tan ki aplikab la kote ou dwe mete enfòmasyon sa a**.** Kòmanse ak dènye vwayaj ou, pou rive nan premye a. Pa mete nan tablo a, vwayaj yon jou yo (kote vwayaj la te fini nan espas 24 èdtan). Si ou te fè vwayaj deyò Etazini ki te dire plis pase 6 mwa, ale nan **Prèv obligatwa -** Seksyon **Rezidans kontinyèl** nan Enstriksyon yo pou mete prèv ou ta dwe bay yo**.** Si ou bezwen plis espas pou ranpli seksyon sa a, itilize espas yo bay nan **Pati 14. Enfòmasyon Siplemantè**.

| **Dat ou te kite Etazini** (mwa/jou/ane) | **Dat ou te retounen Etazini** (mwa/jou/ane) | **Peyi ou te vwayaje yo** |
|---|---|---|
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |

## Pati 9.  Enfòmasyon adisyonèl sou ou

Lè yon kesyon gen mo "**JANM**,", ou dwe bay enfòmasyon sou nenpòt aksyon oswa sa ki te pase nan **nenpòt kote nan mond** lan, nenpòt lè, sof si kesyon an di yon lòt bagay. Si w reponn "Wi" pou youn nan kesyon nan **Atik Nimewo 1. - 14.** nan **Pati 9. Atik Nimewo 1. - 14.**, bay eksplikasyon ak nenpòt lòt enfòmasyon nan espas yo bay nan **Pati 14. Enfòmasyon Siplemantè**.

**1.** Èske ou te **JANM** deklare ou se yon sitwayen Etazini (alekri oswa nenpòt lòt fason)? ☐ Wi ☐ Non

**2.** Èske ou te **JANM** enskri pou vote oswa te vote nan nenpòt eleksyon federal, eta oswa lokal nan Etazini? Si w te voye legalman sèlman nan yon eleksyon lokal kote etranje te elijib pou vote, ou ka reponn "Non." ☐ Wi ☐ Non

**3.** Èske aktyèlman ou dwe taks federal, eta oswa lokal ou pa ko peye nan Etazini? ☐ Wi ☐ Non

**4.** Depi ou te vin yon rezidan pèmanan legalman, èske ou janm deklare ou se yon "etranje ki pa rezidan" nan yon deklarasyon taks federal, eta oswa lokal oswa te deside pa ranpli yon deklarasyon taks paske ou te konsidere ou konsidere tèt ou kòm yon moun ki pa rezidan? ☐ Wi ☐ Non

Èske ou te **JANM:**

**5.a.** Yon manm, te enplike oswa te asosye nan nenpòt fason ak yon pati kominis oswa totalitè **nenpòt kote nan mond lan**? ☐ Wi ☐ Non

**5.b.** Te defann (sipòte epi ankouraje) nenpòt nan sa yo, oswa te yon manm, te enplike oswa te asosye nan nenpòt fason ak nenpòt gwoup, **nenpòt kote nan mond lan** ki t ap defann sa ki anba a yo: ☐ Wi ☐ Non

- Opozisyon kont tout gouvènman òganize;
- Kominis mondyal;
- Tabli yon diktati totalitè nan Etazini;
- Itilize fòs oswa vyolans pou ranvèse gouvènman Etazini oswa tout kalite lwa oswa lòt mwayen ki pa konsititisyonèl;
- Agrese oswa asasinen ilegal nenpòt ofisye gouvènman Etazini oswa nenpòt lòt gouvènman òganize akoz karaktè ofisyèl yo;
- Domaj, mal oswa destriksyon ilegal pwopriyete; oswa
- Sabotaj?

DRAFT - DO NOT SUBMIT TO USCIS

## Pati 9. Enfòmasyon siplemantè sou ou (suit)

A-

Èske ou te **JANM** yon manm, te enplike oswa te asosye nan nenpòt fason ak, oswa èske te **JANM** bay lajan, yon bagay ki gen valè, sèvis oswa nenpòt lòt èd oswa sipò ak yon gwoup ki:

**6.a.** Itilize yon zam oswa eksplozif nan lide pou fè lòt moun mal oswa pou domaj pwopriyete? ☐ Wi ☐ Non

**6.b.** Patisipe nan kidnapin, asasina oswa detounman oswa sabotaj yon avyon, bato, machin oswa lòt mwayen transpò? ☐ Wi ☐ Non

**6.c.** Menase, te fè tantativ (eseye), fè konplo, (planifye ak lòt moun), prepare, planifye, defann oswa ankouraje lòt moun pou komèt krim nan nenpòt nan zak ki liste nan **Atik Nimewo 6.a.** oswa **6.b.**? ☐ Wi ☐ Non

Èske w te **JANM** bay lòt, ankouraje, mande, komèt, ede, oswa te patisipe nan nenpòt fason nan sa ki anba a yo:

**7.a.** Tòti? ☐ Wi ☐ Non

**7.b.** Jenosid? ☐ Wi ☐ Non

**7.c.** Touye oswa eseye touye nenpòy moun? ☐ Wi ☐ Non

**7.d.** Blese grav oswa eseye blese nenpòt moun entansyonèlman? ☐ Wi ☐ Non

**7.e.** Nenpòt kalite kontak oswa aktivite seksyèl ak nenpòt moun ki pa t bay konsantman (pa t dakò) oswa ki pa t ka bay konsantman (pa t ka dakò), oswa ou menm oswa yon lòt moun te fòse oswa menase? ☐ Wi ☐ Non

**7.f.** Pa t kite lòt moun pratike relijyon yo? ☐ Wi ☐ Non

**7.g.** Fè nenpòt moun mal oswa soufri poutèt ras li, relijyon l, orijin nasyonal li, paske li manm yon gwoup sosyal an patikilye oswa pou opinyon politik li? ☐ Wi ☐ Non

**8.a.** Èske w te **JANM** sèvi nan, te manm, te ede oswa te patisipe nan nenpòt inite militè oswa inite lapolis? ☐ Wi ☐ Non

**8.b.** Èske w te **JANM** sèvi nan, te manm, ede oswa te patisipe nan nenpòt gwoup ame (yon moun k ap mache ak zam), pa egzanp: inite paramilitè (yon gwoup moun ki fonksyone tankou yon gwoup militè men ki pa nan gwoup militè ofisyèl yo), inite pou pou bay tèt yo pwoteksyon, inite vijilans, gwoup rebèl oswa gwoup geriya? ☐ Wi ☐ Non

Si w reponn "Wi" pou **Atik Nimewo 8.a.** oswa **Atik Nimewo 8.b.**, tanpri ekri non peyi a, non inite paramilitè oswa gwoup ame, grad ou oswa pozisyon w, ak dat ou te patisipe yo nan eksiplikasyon w nan **Pati 14. Enfòmasyon Siplemantè**.

**9.** Èske w te **JANM** travay, fè benevola oswa sèvi nenpòt lòt fason nan yon espas kote yo te mete moun nan detansyon (te fòse yo rete), pa egzanp yon prizon, yon kacho, yon kan prizonye (yon kan kote yo kenbe prizonye lage oswa prizonye politik), sant detansyon oswa yon kan travay, oswa èske w te **JANM** patisipite nan nenpòt aktivite ki te gen pou wè ak kenbe moun nan detansyon? ☐ Wi ☐ Non

**10.** Èske w te **JANM** manm nenpòt gwoup, oswa èske w te **JANM** ede nenpòt gwoup, inite oswa òganizasyon ki te itilize yon zam kont nenpòt moun, oswa te menase pou fè sa? ☐ Wi ☐ Non

**11.** Si w reponn "Wi" pou **Atik Nimewo 10.a.**, lè ou te manm gwoup sa a oswa lè w te ede gwoup sa a, èske w te janm itilize yon zam kont yon lòt moun? ☐ Wi ☐ Non

**12.c.** Si w reponn "Wi" pou **Atik Nimewo 10.a.**, lè ou te manm gwoup sa a oswa lè w te ede gwoup sa a, èske w te janm menase yon lòt moun epi te itilize zam sa a kont moun sa a? ☐ Wi ☐ Non

**11.** Èske w te **JANM** vann, bay oswa transpòte zam oswa te ede nenpot moun pou vant, bay oswa transpòte zam ou te kwè oswa te panse yo te itilize kont yon lòt moun? ☐ Wi ☐ Non

**12.** Èskew te **JANM** resevwa nenpòt fòmasyon sou zam, fòmasyon paramilitè oswa lòt fòmasyon militè? ☐ Wi ☐ Non

**13.** Èske w te **JANM** rekrite (mande), enskri, itilize fòs pou rekrite (fòse antre) oswa itilize nenpòt moun ki gen mwens pase 15 lane pou sèvi oswa ede yon gwoup ame, oswa te eseye oswa te travay ak lòt moun pou fè sa? ☐ Wi ☐ Non

**14.** Èske w te **JANM** itilize nenpòt moun ki gen mwens pase 15 lane pou patisipe nan konfli oswa eseye oswa travay ak lòt moun pou fè sa? Sa kapab gen ladann patisipe nan batay oswa bay sèvis ki gen pou wè ak bagay (tankou sèvi kòm mesaje oswa transpòte pwovizyon). ☐ Wi ☐ Non

DRAFT - DO NOT SUBMIT TO USCIS

## Pati 9. Enfòmasyon adisyonèl sou ou (suit)

A-

**Si w te reponn "Wi" nan nenpòt pati nan Atik Nimewo 15. Anba a, ranpli tablo anba ak nenpòt krim oswa ofans menmsi yo te sele dosye w yo, efase yo oswa yo te anile.** Ou dwe kominike enfòmasyon sa menmsi yon jij, yon ofisye k ap fè respekte lalwa oswa yon avoka te di w li pa nan dosye w ankò oswa te di w ou pa bezwen pataje enfòmasyon an. Si w bezwen plis espas, itilize espas yo bay nan **Pati 14. Enfòmasyon Siplemantè.** Soumèt prèv pou sipòte respons ou ak Fòmilè N-400 ou a.

Mete tout krim ak ofans nan Etazini oswa **nenpòt lòt kote nan mond lan** (sa gen ladann vyolans domestik, kondui anba enfliyans dwòg oswa alkòl, ak krim epi ofans lè w te gen mwens pase 18 lane) kote ou te **JANM**:

- Komèt, dakò pou komèt oswa mande yon lòt moun pou komèt;
- Yon ofisye k ap fè respeskte lalwa, ofisye militè (nan Etazini oswa lòt kote) oswa ofisye imigrasyon te arete w, mande w pou konparèt devan tribinal, oswa te mete w nan prizon;
- Akize w di w te komèt, ede komè oswa te eseye komèt;
- Plede koupab;
- Kondane w;
- Mete w nan yon pwogram santans altènatif oswa pwogram reyabilitasyon pou (pa egzanpp, divèsyon, ranvwaye pousuit jiridik, sispann jijman oswa ranvwaye jijman); oswa
- Kanpe santans ou; resevwa gras, aministi oswa padon jiridik, oswa yo te mete w nan pwobasyon oswa sou libète kondisyonèl.

**15. a.** Èske w te **JANM** komèt, dakò pou komèt, mande yon lòt moun pou komèt, ede komèt oswa eseye komèt yon krim oswa ofans, kote yo **PA** t arete w? ☐ Wi ☐ Non

**15.b.** Èske w nenpòt ofisye k ap fè respekte lalwa, ofisye militè (nan Etazini oswa lòt kote oswa ofisye imigrasyon te **JANM** arete w, mande w pou konparèt devan tribinial oswa mete w nan prizon pou nenpòt rezon oswa yo te chaje w pou yon krim oswa ofans? ☐ Wi ☐ Non

| **Kisa krim oswa ofans lan te ye?** (Si yo te kondane w, di krim ki te lakòz kondanasyon an. Si yo pa w kondane w, di krim oswa ofans ki te nan arestasyon an, avi pou konparèt la, dokiman akizasyon oswa krim nan.) | **Dat krim nan oswa ofans lan te pase** (mwa/jou/ane) | **Dat yo te kondane w oswa ou te plede koupab la** (si sa aplikab) (mwa/jou/ane) | **Kote krim oswa ofans lan te fèt la** (Vil, eta, peyi) | **Ki rezilta oswa dispozisyon arestasyon an, avi pou konparèt la oswa kondanasyon an?** (pa t gen akizasyon, kondanasyon, yo te anile akizasyon an, pa t gen detansyon, prizon, pwobasyon, elatriye.) | **Ki santans yo te ba ou** (si sa aplikab)**?** (Pa egzanp, 90 jou nan prizon, 90 jou nan pwobasyon) |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |

**16.** Si ou te resevwa yon sispansyon nan santans ou an, yo te mete w nan pwobasyon oswa anba libète kondisyonèl, èske w te fini ak santans sou sispansyon, pwobasyon oswa libète kondisyonèl ou a? ☐ Wi ☐ Non

Si w reponn "Wi" pou nenpòt repons nan **Atik Nimewo 17.a. - 19.**, bay yon eksplikasyon nan **Pati 14. Enfòmasyon Siplemantè**. Soumèt prèv pou sipòte repons ou yo.

DRAFT - DO NOT SUBMIT TO USCIS

## Pati 9. Enfòmasyon Siplemantè sou ou (suit)

A-

Èske te **JANM:**

**17.a.** Angaje nan pwostitisyon, eseye jwenn oswa enpòte pwostitiye oswa moun pou rezon pwostitisyon, oswa resevwa nenpòt benefis oswa lajan nan pwostitisyon? ☐ Wi ☐ Non

**17.b.** Fabrike, kiltive, pwodui, distribiye, vann oswa fè kontrebann (trafik) nenpòt kpwodui kontwole, dwòg ilegal, nakotik oswa ekipman pou dwòg, an vyolasyon nenpòt lwa oswa règleman nan yon eta nan Etazini, nan Etazini oswa yon lòt peyi? ☐ Wi ☐ Non

**17.c.** Marye ak plis pase yon moun an menm tan? ☐ Wi ☐ Non

**17.d.** Marye ak yon moun pou jwenn benefis imigrasyon? ☐ Wi ☐ Non

**17.e.** Ede nenpòt moun antre oswa eseye antre Etazini, ilegalman? ☐ Wi ☐ Non

**17.f.** Jwe aza ilegalman oswa resevwa lajan nan jwèt aza ilegalman? ☐ Wi ☐ Non

**17.g.** Pa t kapan sipòte depandan w yo (peye pansyon alimantè pou timoun ou) oswa peye pansyon alimantè (pansyon alimantè tribinal la ba w lòd pou w peye aprè divòs oswa separasyon? ☐ Wi ☐ Non

**17.h.** Fè nenpòt fo deklarasyon pou jwenn nenpòt benefis piblik nan Etazini? ☐ Wi ☐ Non

**18.** Èske w **JANM** bay ofisye gouvènman Etazini **nenpòt** enfòmasyon oswa dokiman ki fo, ki gen fwod oswa k ap twonpe moun? ☐ Wi ☐ Non

**19.** Èske w **JANM** bay yon ofisye gouvènman Etazini manti pou jwenn aksè oswa pou antre Etazini oswa pou jwenn benefis imigrasyon pandan w Etazini? ☐ Wi ☐ Non

Si w reponn "Wi" pou **Atik Nimewo 20. - 21.** Anba a, bay yon eksplikasyon nan espas yo bay nan **Pati 14. Enfòmasyon Siplemantè**, epi gade **Enstriksyon Espesifik daprè Nimewo Atik, Pati 9. Enfòmasyon Siplemantè sou ou** nan Enstriksyon yo pou plis enfòmasyon.

**20.** Èske yo **JANM** mete w nan pwosesis depòtasyon? ☐ Wi ☐ Non

**21.** Èske yo te **JANM** depòte w sòti Etazini? ☐ Wi ☐ Non

Lwa Federal mande prèske tout moun ki fèt antanke gason ki swa sitwayen Etazini oswa imigran, 18 jiska 25 lane, pou anrejistre nan Sèvis militè selektif la. Ale nan [www.sss.gov](http://www.sss.gov).

**22.a.** Èske w se yon gason ki t ap viv Etazini nenpòt lè an 18yèm ak 26yèm fèt nesans ou? (Pa chwazi "Wi" si w te yon non-imigran legal pandan tout peryòd sa a.) ☐ Wi ☐ Non

**22.b.** Si w reponn "Wi," nan **Atik Nimewo 22.a.**, èske te enskri nan Sèvis selektif la? ☐ Wi ☐ Non

**22.c.** Si w reponn "Wi," nan **Atik Nimewo 22.b.**, bay enfòmasyon sou enskripsyon ou an.

| Dat ou te enskri (mwa/jou/ane) | Nimewo sèvis selektif |
|---|---|
| | |

Si w reponn "Non," nan **Atik Nimewo 22.b.** gade nan **Enstriksyon Espesifik dapre Nimewo Atik, Pati 9. Enfòmasyon Siplemantè sou ou** nan Enstriksyon yo pou plis enfòmasyon.

Si w reponn "Wi" pou **Atik Nimewo 23. - 24.**, bay yon eksplikasyon nan espas yo bay nan **Pati 14. Enfòmasyon Siplemantè**.

**23.** Èske **JANM** kite Etazini pou te rekrite w nan fòs lame Etazini? ☐ Wi ☐ Non

**24.** Èske w te **JANM** aplike pou nenpòt kalite egzanpsyon pou sèvis militè nan fòs lame Etazini? ☐ Wi ☐ Non

**25.** Èske w te **JANM** sèvi nan fòs lame Etazini? ☐ Wi ☐ Non

DRAFT - DO NOT SUBMIT TO USCIS

## Pati 9. Enfòmasyon Siplemantè sou ou (suit)

A-

Si w te reponn "Non" nan **Atik Nimewo 25.**, ale nan **Atik Nimewo 30.a.**

**26. a.** Èske **aktyèlman** ou se yon manm fòs lame Etazini? ☐ Wi ☐ Non

**26.b.** Si w reponn "Wi" nan **Nimewo Atik 26.a.**, èske yo pwograme w pou deplwaye deyò Etazini, sa gen ladann sou bato nan 3 pwochen mwa yo? (Rele Liy sipòt militè a nan **877-247-4645** si yo transfere w nan yon lòt estasyon travay aprè w fin ranpli Fòmilè N-400 ou a, menmsi yo deplwaye w deyò Etazini oswa sou yon bato.) ☐ Wi ☐ Non

**26.c.** Si w reponn "Wi," pou **Atik Nimewo 26.a.**, èske ou **aktyèlman** nan yon estatsyon ki deyò Etazini? ☐ Wi ☐ Non

**26.d.** Si w reponn "Non" pou **Atik Nimewo 26.a.**, èske w se yon ansyen manm sèvis militè Etazini ki aktyèlman ap viv deyò Etazini? ☐ Wi ☐ Non

Si w reponn "Wi" pou **Atik Nimewo 27. - 29.**, bay yon eksplikasyon nan espas yo bay nan **Pati 14. Enfòmasyon Siplemantè**.

**27.** Èske **JANM** pase nan tribinal militè oswa èske w te resevwa yon revokasyon yo te kalifye ki pa onorab, move konpòtman, oswa pa onorab, pandan w te nan fòs lame Etazini? ☐ Wi ☐ Non

**28.** Èske w **JANM** revoke w nan fòmasyon oswa sèvis nan fòs lame nan Etazini paske ou se etranje? ☐ Wi ☐ Non

**29.** Èske te **JANM** dezète fòs lame Etazini? ☐ Wi ☐ Non

Pou **Atik Nimewo 30.a. - 37.** gade **Enstriksyon Espesifik daprè Nimewo Atik, Pati 9. Enfòmasyon Siplemantè sou ou.** Si ou reponn "Wi" nan **Atik Nimewo 30.a.**, bay yon eksplikasyon nan espas yo mete nan **Pati 14. Enfòmasyon Siplemantè.**

**30. a.** Èske ou genyen kounye a, oswa **JANM** genyen yon tit eritye oswa yon lòd noblès nan yon lòt peyi? ☐ Wi ☐ Non (Ale nan **Atik Nimewo 31.**)

**30.b.** Si w reponn "Wi," pou **Atik Nimewo 30.a.**, èske ou dakò pou bay vag ak nenpòt tit eritye oswa lòd noblès, ________________ (ekri tit) ou gen nan yon peyi etranje nan seremoni natiralizasyon ou an? ☐ Wi ☐ Non

Si w reponn "'Non" nan nenpòt kesyon, eksepte **Atik Nimewo Item Number 33.**, gade seksyon ***Sèman fidelite*** nan Ensktriksyon yo pou plis enfòmasyon.

**31.** Èske w sipòte Konstitisyon an fòm Gouvènman Etazini an? ☐ Wi ☐ Non

**32.** Èske w konprann tout Sèman fidelite a devan Etazini (gade **Pati 16. Sèman fidelite**)? ☐ Wi ☐ Non

**33.** Èske w pa ka fè Seman fidelite a paske w gen yon andikapb fizik oswa devlomantal, oswa yon pwoblèm mantal? Si w reponn "Wi," sote **Atik Nimewo 34. - 37.** Epi gade seksyon ***Responsab Legal, Ranplasan, oswa Reprezantan Deziyen nan Enstriksyon yo***. ☐ Wi ☐ Non

**34.** Èske dakò pou pase Sèman fidelite devan Etazini? ☐ Wi ☐ Non

**35.** Si lalwa egzije sa, epi w dakò pou w pote zam pou Etazini? ☐ Wi ☐ Non

**36.** Si lalwa egzije sa, èske ou dispoze pou fè sèvis ki pa konbatan (fè yon bagay ki pa gen ladan l goumen nan lagè) nan fòs lame Etazini? ☐ Wi ☐ Non

**37.** Si lalwa egzije sa, èske ou dispoze fè travay ki gen enpòtans nasyonal anba direksyon sivil (fè travay ki pa militè Gouvènman Etazini an di ki enpòtan pou peyi a)? ☐ Wi ☐ Non

DRAFT - DO NOT SUBMIT TO USCIS

## Pati 10. Demann pou yo redui frè

A-

Pou enfòmasyon sou frè, egzansyon pou pa peye frè yo, ak frè redui yo, gade Fòmilè G-1055, Orè Frè yo, nan www.uscis.gov/g-1055. Pou aplike pou yon frè redui, ranpli **Atik Nimewo 1. - 5.b.** Si ou pa kalifye pou yon frè redui, ranpli **Atik Nimewo 1.** epi kontinye nan **Pati 11.**

**1.** Revni kay mwen mwens pase oswa egal a 400% nan Gid Federal sou Povrete a (gade Enstriksyon yo pou dokiman ki nesesè yo).

☐ Wi (ranpli **Atik Nimewo 2. - 5.b.**) ☐

Non (ale nan **Pati 11.**)

**2.** Revni total kay la:

**3.** Kantite moun k ap viv lakay mwen:

**4.** Kantite moun nan kay la k ap rantre yon revni, mwen ladann tou:

**5.a.** Mwen se chèf kay la. ☐ Wi ☐ Non

**5.b.** Non mèt kay la (si w te chwazi "Non" pou **Atik Nimewo 5.a.**):

## Pati 11. Enfòmasyon kontak, Sètifikasyon ak Siyati moun k ap aplike a

### *Enfòmasyon kontak moun k aplike a*

Bay nimewo telefòn travay fiks ou, nimewo telefòn pèsonèl ou (si genyen), ak imèl ou (si genyen).

**1.** Nimewo telefòn fiks moun k ap aplike a

**2.** Nimewo telefon mobil moun k ap aplike a (si genyen)

**3.** Imèl moun k ap aplike a (si genyen)

### *Sètifikasyon ak Siyati moun k ap aplike a*

Mwen sètifye, anba pinisyon pou fo temwayaj, mwen te bay oswa otorize tout repons ak enfòmasyon ki nan aplikasyon mwen an epi mwen soumèt ak yo, mwen li epi mwen konprann oswa, si entèprèt yo liste nan **Pati 12.** la, te entèprete pou mwen nan yon lang mwen pale byen. Mwen byen konprann tout repons ak enfòmasyon ki nan aplikasyon mwen an, epi mwen soumèt avèk yo, epi tout repons ak enfòmasyon yo konplè, se laverite, epi yo kòrèk. Anplis de sa, mwen otorize pou yo kominikte nenpòt enfòmasyon ki nan nenpòt ak tout dosye mwen yo USCIS ka bezwen pou detèmine si mwen kalifye pou yon demann imigrasyon epi bay lòt antite ak moun kote sa nesesè pou administrasyon ak aplikasyon lalwa imigrasyon Etazini an.

**4.** Siyati moun k ap aplike a (oswa siyati yon gadyen legal, yon ranplasan, oswa yon reprezantan deziyen, si sa aplikab)

Dat li siyen l (mwa/jou/ane)

➡

DRAFT - DO NOT SUBMIT TO USCIS

## Pati 12. Enfòmasyon kontak, Sètifikasyon ak Siyati Entèprèt la

A-

### *Tout non entèprèt la*

**1.** Non fanmi (Siyati) entèprèt la

Non entèprèt la

**2.** Non biznis oswa òganizasyon entèprèt la

### *Enfòmasyon kontak entèprèt la*

**3.** Nimewo telefòn fiks entèprèt la

**4.** Nimewo telefòn mobil entèprèt la (si genyen)

**5.** Imèl entèprèt la (si genyen)

### *Sètifikasyon ak Siyati Entèprèt la*

Mwen sètifye, anba pinisyon pou fo temwayaj, mwen pale anglè byen epi ________, epi mwen entèprete chak kesyon ki sou aplikasyon an ak Enstriksyon yo epi mwen entèprete repons moun k ap aplike a pou kesyon yo nan lang sa a, epi moun k ap aplike a fè m konnen li konprann chak enstriksyon, kesyon ak repons ki nan aplikasyon an.

**6.** Siyati entèprèt la

Dat li siyen l (mwa/jou/ane)

## Pati 13. Enfòmasyon kontak Sètifikasyon ak Siyati moun k ap prepare aplikasyon sa a, si li pa menm ak moun k ap aplike a

### *Tout non moun k ap prepare aplikasyon an*

**1.** Non fanmi (Siyati) moun k ap prepare l

Non moun k ap prepare l

**2.** Non biznis oswa òganizasyon moun k ap prepare l

### *Enfòmasyon kontak moun k ap prepare l*

**3.** Nimewo telefòn fiks moun k ap prepare l

**4.** Nimewo telefòn mobil moun k ap prepare l la (si genyen)

**5.** Imèl moun k ap prepare l (si genyen)

### *Sètifikasyon ak Siyati moun k ap prepare l*

Mwen sètifye, anba pinisyon pou fo temwayaj, mwen te prepare aplikasyon sa a pou moun k ap aplike a, sou demann li epi li te bay konsantman l, epi tout repons ak enfòmasyon ki nan aplikasyon an epi yo soumèt avèk li yo konplè, se laverite epi kòrèk, epi yo genyen sèlman enfòmasyon moun k ap aplike a bay. Moun k ap aplike a te revize repons ak enfòmasyon yo epi li te enfòme m li konprann repons ak enfòmasyon ki nan aplikasyon an oswa yo te soumèt avèk li.

**6.** Siyati moun k ap prepare l

Dat li te siyen (mwa/jou/ane)

DRAFT - DO NOT SUBMIT TO USCIS

## Pati 14. Enfòmasyon Siplemantè

A-

Si ou bezwen plis espas pou bay nenpòt lòt enfòmasyon nan aplikasyon sa a, sèvi ak espas ki anba a. Si ou bezwen plis espas pase sa ki prevwa a, ou ka fè kopi paj sa a pou ranpli epi mete l ak aplikasyon sa a oubyen ou ka mete yon lòt fèy papye apa. Tape oubyen ekri non w ak A-Number ou an anlè chak fèy; di **Nimewo Paj la**, **Nimewo Pati** ak **Nimewo Atik la** sou kesyon w ap reponn nan; epi siyen epi mete dat sou chak fèy

**1.** Non fanmi (Siyati)) Non Dezyèm (si sa aplikab)

**2.** Nimewo paj Nimewo pati Nimewo atik

**3.** Nimewo paj Nimewo pati Nimewo atik

**4.** Nimewo paj Nimewo pati Nimewo atik

**5.** Nimewo paj Nimewo pati Nimewo atik

**Pa ranpli Pati 15. oswa 16. jiskaske yon ofisye USCIS di w fè sa nan entèvyou a.**

DRAFT - DO NOT SUBMIT TO USCIS

## Pati 15. Siyen nan èntèvyou a

A-

Mwen fè sèman (afime) epi mwen sètifye anba pinisyon pou fo temwayaj dapre lalwa Etazini, mwen konnen sa ki nan Fòmilè N-400 sa a, Aplikasyon pou Natiralizasyon, mwen siyen an, ki gen ladan koreksyon yo, konplè, se laverite epi kòrèk. Prèv mwen soumèt yo konplè, vre, epi kòrèk.

Siyen epi fè sèman (afimen) devan m

Non oswa tenm ofisye USCIS

Dat li siyen l (mwa/jou/ane)

Siyati moun k ap aplike a

Siyati ofisye USCIS la

## Pati 16. Sèman fidelite

Si yo apwouve aplikasyon w lan, y ap pwograme w pou yon seremoni natiralizasyon kote y ap mande w pou w fè Sèman fidelite sa a imedyatman anvan w vin yon sitwayen natiralize. Lè w siyen anba a, ou rekonèt ou dispoze fè sèman sa a:

Mwen deklare sou sèman, mwen renonse nèt ale ak tout fidelite anvè nenpòt prens, potanta, eta oswa souverènnte etranje ki te genyen m antanke sijè oswa sitwayen ladan l jiskaprezan ;

m ap sipòte epi defann Konstitisyon ak lalwa Etazini kont tout lènmi, etranje ak domestik;

m ap gen yon lafwa ak yon fidelite sensè anvè li;

m ap pote zam pou Etazini lè lalwa egzije sa;

m ap fè sèvis ki pa konbatan nan fòs lame Etazini lè lalwa egzije sa;

m ap fè travay ki gen enpòtans nasyonal anba direksyon sivil lè lalwa egzije sa; epi

mwen pran obligasyon sa a yon fason ki lib, san okenn rezèvasyon mantal oswa objektif pou m evite li; m pran Bondye kòm temwen.

Siyati moun k a aplike a

Dat li siyen l (mwa/jou/ane)

DRAFT - DO NOT SUBMIT TO USCIS